ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№121 (22.529) ● 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Іуэху еплъыкІэ

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Президентым къыхилъхьахэр сэбэп хъунущ бизнесым зегъэужьынымкІэ

Санкт-Петербург къалэм щекІуэкІа дунейпсо экономикэ зэхущэсыщхуэм и лэжьыгъэр иухащ. Абы УФ-м и Президент Путин Владимир, апхуэдизкІэ къралыр куэдым кынкІа къулыкъущІэщхуэхэр хэтащ. ЗэІущІэм кърихьэлІащ къурал 83-м щыщу щІыхь мини 3,5-м щІигъу. ЗэІущІэр зэрекІуэкІым тетхьыхьым пашщІэ къурал 29-м я щІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм кьабгъэдэкІыу журналист 1200-р къэкІуащ.

ДУНЕЙ ПСОМ, урысей экономикэм и Іуэху зытетхэм щыхэпльа зэІущІэм ирихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэхэри.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам щытепсэльыхьыжьым Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхуэкІащ абы мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэр кьызэрыщІэтар, къэралым и Іэтащхьэ Путин Владимир кууэ зэгупсыса кьалэнхэр кьызэрыщигъэувар. КъБР-м и Іэтащхьэм жиІаш: «Санкт-Петербург щекІуэкІа экономикэ зэхьыхьэшхуэм УФ-м и Президент Путин Владимир кьыщыхилъхьа Іуэхуэхэм къралым и экономикэм зегъэужьынымкІэ Іэмалыщхэхэр кьызэрагъэпэщыфынущ. ЩэчэкІыпхъэ, суд ІэнатІэм иджыпсту иІэ щытыкІэр ІэнатІэхэм заужьынымкІэ сэбэп зэхьуркым, ящыныкъуэхэм деж уеблэмэ лъэпощхьэпохэр къадокІуэ. Суд Нэхъыщхьэмрэ Арбитраж Судымрэ зэгугъэхъэжьным теухуауэ Путин Владимир кьыхилъхьа Іуэхуэр сэбэп хъунущ бизнесым и ІэнатІэр нэхъ зІуфэ щІынымкІэ.

Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхуэкІащ хьэрычэт джьакІуэхэм ящыщу кьуаншагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэралажьам кьыхэкІыу, ягъэтІысахэм тралъхьа тезыгыр яхуэгъэгъуныр кьэралым и бизнесми нэгъэущІ кьэралхэм щыщ инвесторхэми я дежкІэ зэрысэбэныр. «А щыкІэм тету Урысейм егъэлъагъуэ инвестицэ щытыкІэр иригъэфэкІэну зэрыхущІэкъур икІи абы пашщІэ хьэрычэтыщІэхэм нэхъ щабэу ябгъэдыхьыну зэрыхьэзыгыр», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

ЕджапІэр къэзыухахэм зэхуеГъазэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, Твиттерыр кьигъэсэбэпри, курыт еджапІэр къэзыухахэм балигъ гъащІэм зэрыхьихьамкІэ ехъуэхъуащ.

«ЕджапІэр къэзыухахэм я дежкІэ нобэрей махуэр хэлэтыкІащ. Абыхэм школым сэлэт ирахьаж, зэпІыгъуу къэуанэху махуэщІэм ІуощІэ, кІэщІу жыпІэмэ, я дахэгъуэщ. Фи мурад псори кьыдэхъуІэну сынывохьуэхъуэ», - етх Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым курыт школхэр ІуІэку 6642-м кьащуахащ. Абыхэм я щІыхькІэ республикэм и еджапІэ псоми вэсэмахуэ щрагъэкІуэкІа гуфІэгъуэ пшыхьхьэм щІалэхэмрэ кьыджэбзэхэмрэ курыт щІэныгъэ зэраГъуэгурыкІэ атретэгъэхэр иратыжащ. ГъащІэщІэм хьихьэхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ егъэджакІуэхэм, нэхъыжьхэм, адэ-анэхэм.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Сабий садхэр ухуэным сом мелуан 507-рэ ухах

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и деж иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэльыхьащ языныкъуэ Іэнатіэхэм я къэрал программэхэр зэрызэхальхьэм, апхуэдизу УФ-м и Президентымрэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ кьагъуэа щыгъуэ щыхьрыль щыхьэуэхэр гъэзэщІа зэрыхьым.

МЫ зэманым министерствэхэмрэ ведомствохэмрэ яужь итщ къэрал программэхэм я проектхэр зэхэльхьэным икІи а лэжьыгъэр бадзэуэгъуэм и 1-м фІэмыкІыу ауэдэм хуейщ, 2014 гъэм, апхуэдизу 2015 - 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм КъБР-м и республикэ бюджетым кьыщыгъэльэгъуа Іуэху нэхъыщхьэхэм зи чэзу зэхьэкІыныгъэхэр щыхальхьэнум кьыкІэрымыхун папщІэ.

Проектхэм я нэхъыбэр иджыри хьэзыр хуэкъакъым зэман щагъуэ кьэмынэжа пэтми. Абы кьыхэкІыу Хьэсанэ Руслан министрхэм аргуэру зэ ягу кьигъэкІыжащ лэжьыгъэ дисциплинэм ткІийуэ тетын икІи кьащта кьаланхэр ягъэзэщІэн зэрыхуейр.

Амброзиер гъжьдуэрыныжьэ зэфІагъэкІэм тепсэльыхьащ Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Къуэдзокьуэ Мухьэмэд. Абы жиІащ гъавэ зытет щІыуэ гектар мини 160-м щІигъуи а уэд екъужьхэр зыгъэгъу щхьухь зэрыградір. Мэзыр зехьэнымкІэ пыща Іуэхущ Іапі Іэхэмкі езыхэм яІыгъ щІыхэм ящыщу гектар 41,3-м уэд екъужьхэр трагъэкъэбзыкІащ.

Щэбэт щІыхьэхуэр щрагъэкІуэкІым уэдзыкьхэр щыпауплащ спорт комплекхэм, Сабий-ныбжьыщІэ спорт школхэм, сымаджащэмрэ поликлиникэмрэ я щІыпІэхэр. Апхуэдизу гъэзэну папщІэхэри ягъэкъэбзащ. Фитосанитар лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым и нэІэ трагъэтыну чэнджэщ ираташ республикэм и муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэми.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Семэн Щыкьан кьыхэзыхэсахэр щыгъуазэ ищІащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр кьеІыныжьмкІэ лэжьыгъэхэм я япэ лъэхъэнэр зэрыщэфІэкІам, етІуанэ Іыхьэм хиубыдэ лэжьыгъэхэр щрагъажьэкІэ комиссэхэм хэтхэр зэрыщэрахьуэкІынур. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэратам кьрикуухэмкІэ сертификатхэр ужьгъуэм и 28-м иратыжынущ. ЗэкІэ кьыщэрабжамкІэ, предмет псоми ятещІыхьауэ ику ит баллыр КъБР-м нэгъабэ ику ити щыІам кьызэрыщІэхьэщыкІышхэу щыІэкъым.

ЗэІущІэм и кІэуэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым кьызэхэхьэсахэр кьыхуригъаджащ си школ кІуэгъуэ мыхьуахэр зэкІуалІэ Іуэхущ Іапі Іэ УФ-м и Президент Путин Владимир нэгъабэ и накьыгъэ маэзэм кьыдигъэкІа укаэхэм тету ухуэныжьэ проектхэр гъэхъэзырынымрэ кьаланэ ину зэрыщытыр икІи абы и лъэныкъуэкІэ муниципалитетхэм защІэгъэкъуэн зэрыкуейр. Хьэсанэ Руслан зэрыкІам кьыкІэ, сабий садхэм я проектхэр гъэхъэзырынымрэ ахэр ухуэныжьэ трагъэжьуэжи папщІэ дыззэрыт ильэсым сом мелуан 507-рэ кьыхуатУпщынущ. Иджыпсту сабий 80, 140-рэ, 200 зэкІуэлІэну сабий садхэм я зэхуэдэ проект хьэзырхэр щыІэщ. Ауэ абыкІэ зигу мызагъэхэм проект нэхъыфІхэр ягъэхъэзырын папщІэ иджыри зэман яІэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● АПК

Бжьыхьэсэр Іуахыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тафэ щыпІэхэм хьэмрэ гуэдзымрэ щыІуахыжу щІадзащ.

Къэгъэльэгъуапхъэщ мы гъэм хьэр гектар мин 16-м, гуэдзыр гектар мин 52-м нэблагъэм зэрыщызэрахьар. Зэрыщыту бжьыхьэсэ кьэкІыгъэхэр гектар мин 70-м нэблагъэм щагъэкІащ.

Нэгъабэ республикэм бжьыхьэсэ кьэкІыгъэхэм псори зэхэту тонн мини 176-рэ кьыщытрахауэ щытащ. Дызэрыт ильэсым гуэдзри хьэри нэхъ бэрэ хуэдиз кьалъытэ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Дыгъуасэ

Журналистхэм кьахохъуэ

Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм ндыкьблагъэ хагъэхьащ КъБР-м и хьэбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэ ныбжьыщІэу.

АБЫХЭМ ящыщу «Адыгэ псалъэ» газетым щыщхэу Къумахуэ Асльэн, Чэрим Мэрьянэ, Щоджэн Іэминат, Щомахуэ Залинэ, Багъэтыр Дунэе, Гугъуэт Заремэ, ТекІуэжь Заретэ сымэ.

Дэфтэрхэр щатыжьым кьихьэлІащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Мэзыхьэ Борис,** ХъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, цІыхубэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министр **Кьумахуэ Мухьэдин,** Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Зыкъ ФІыцІэ Мухьэмэд,** «Кабардино-Балкарская правда», «Заман» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Болэт Арсен, Аттаев Жамал,** КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ фондым и унафэщІ **Въэрокъуэ Владимир** сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм кьыхагъэщащ лэжьыгъэм зэфІэкІ кьыщызыгъэльэгъуэ журналист ныбжьыщІэхэр зэгухьэныгъэм хагъэхьэжьІэрэ, ар кьызэрыщІэрэщІэжьыр. Дэфтэрхэр зыІэрыхьэжьахэм адэкІи ехьуэІэныгъэ яІэну, я ІащІэгъэм ехьэлІа мурадхэр кьайхъуІэну ехъуэхъуэхэщ, Хьэфіыці Мухьэмэд яхуэнгъэхьэрэ «Адыгэ махуэгъэхэр» тыгъэ зэгухьащ.

НАФІЭДЗ Заремэ.

Псори зэхэту ● Гъуэгухэр

километр 83-м щІигъу

Щэрэдж муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм мэкъуауэгъуэм и 25-м щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэльыхьащ Аруан - Уштулу федеральнэ автомобиль гъэзагур зэгъэпэщыжьынымрэ ухуэнымрэ пыщІа Іуэхугъуэхэм. Абы хэтащ куейм и жыпІагъуэ, ветеран организацэхэм я лІыкІуэхэр, нэхъыжьхэм я советхэм я тхьэмадэхэр, къуажэхэмрэ къаруэхьэ Іэнатіэхэмрэ я унафэщІхэр.

РАЙОН администрацэм и Іэтащхьэ **Темиржанов Махъты** зэІущІэр кьыщызэІуихьи кьэмЗэльэгъуащ Гъэзагу лэжьыгъэхэм мы гъэм зэрыщІадзар, псори зэхэту километр 83,6-рэ зыхуейр зэрыхуагъэзэнур.

- Апхуэдизу унафэ кьэтщтащу щытащ «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденыр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ автомобиль гъэзагухэм я управленэм и тхьэмадэ **Макиев Гайоз** Балъкъэр Ипщэ кьуажэм и Нэхъыжьхэм я советым и лІыкІуэхэм яхуэза нэужь. Нобэ ирихьэлІэу километр 14-м лэжьыгъэ щызэфІэкІащ. Аруан кьуажэм кьыщыщІэдзауэ гъунапкъэхъуэмэхэм я хэщІапІэм нэсыху асфальт тралъхьэнущ. Балъкъэр Ипщэрэ Уштулу хьупІэмрэ я зэхуакум километр 18 дэлъщ. Ари зэдгъэпщыжьынущ, мы зэманым проектыр догъэхьэзыр, - жиІащ Темиржанов Махъты.

Макиев Гайоз кьызэрыкІэущамкІэ, тоннелыр нэхъ бгъуэ ящІынущ. Абы и проект тхьылъэр хьэзырщ, экспертизэм пхьыкІащ, лэжьыгъэм щІадзэнущ.

- Гъэгурэр ухуэным гугъэхъ куэд пыщІащ. ЩІымахуэ Олимпиадэм, 2018 гъэм футболымкІэ екІуэкІыну дунейпсо чемпионатым мылъкушхуэ хухах. Аращ, Кавказ Ищхъэрэм гъэгурэр щыхуэзыным, щызэгъэпэщыжьыным зэкІыпІэхэр кьыхудогъуэт. Кавказ Ищхъэрэм и Гъэгурэр Урысейм щынэхъыфІу ямылъуэ. Абы и лъэныкъуэкІэ нэгъабэ кьаралым бжьыпэр щыдубыдащ. Хуэфащэ щІытхъи кьытлъагъэс, ауэ ар тфІэфІыщІэкъым. Сыту жыпІэмэ, щытхъуи и пІэкІэ ахъщэ тхухахым нэхъ кьыдоцтэ, - къигъэлъэгъуащ гушыІэ щыкІэу Макиев Гайоз.

Апхуэдэу зэхьэщІэ кьытеувыщащ Тамбуканэ гуэлымрэ Дзэлыкъуэ поселкэмрэ кьапэзыкІухьыну гъэзагу ухуэным зэрыщІадзэнум. Абы километр 39-рэ и кІыхьагъщ. Іуащхьэмахуэ лъапэ лъэмыжыщІэ щытралъхьэ. Макиевым зэрыжиІамкІэ, нэгъуэщІхэм я зэранкІэ гувауэ щІадзами, ар мы гъэм ятынущ. КьищынэмыщІауэ, гъэзагу километр 16 Іуащхьэмахуэ лъапэ кьызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ, гъэ дызыхуэкІуэм и кІэм Азау нэсыху дэлъыр яухьну я мурадщ.

Щэрэдж район администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Тогузаев Юсуп** зэрыжиІамкІэ, Аруан - Уштулу автомобиль гъэзагум технологиемкІэ тету йолажь. Мы гъэм а Іуэхум сом мелуани 156-м нэблагъэ кьыщагъэсэбэнущ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, гъэзагухэр ухуэнымрэ зэгъэпэщыжьынымрэ сом мелардым щІигъу халъхьэнущ. Проект-сметэ тхылъхэр нэгъабэ кьэщтащ, зэфІагъэкІыну лэжьыгъэхэр зыхуэдэр ягъэбелджылащ.

Жылагъуэхэм я нэхъыжьхэм я советхэм я лІыкІуэхэр зыщІэупщІахэм жуаут ирата нэужь, куейм и унафэщІхэмрэ Макиев Гайозрэ Балъкъэр Ипщэ кьуажэм и Іэшэпашэм гъэзагу лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым ельащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Дунейм щыхъыбархэр

Сыт ярит щІэмыхьэр?

Венесуэлэм и президент Мадуро Николас жиІаш Снуден Эдвард къыщІэлъэІумэ, абы политикэ гъэпщкІупІэ етыным и Іуэхум хэпльыну зэрыхьэзырыр.

Эквадорым нэгъуэщІ къралэ Іуэхуэхмкіэ и министрми кьыхигъэщхьэхуэкІащ: «Дэ мыпхуэдэ Іуэхум дыхэпльэну сыт щыгъуи дыхьэзырщ. Политикэ гъэпщкІупІэ щІыхум етыныр псапэщ икІи ар дунейм щызекІуэ хабзэхэм йоІэ».

США-м и щэхурылажьэ Іуэхущ Іапі Іэхэм зэхащІыхьэхэм дунейр щыгъуазэ зыщІа Снуден зэман зыбжанэкІэ Гонконг зыщигъэпщкІуащ. ИужькІэ Москва кьэлъэтащ, мыбы икІыу Эквадорым кІуэн и гугъэу.

Зэуэ щІэрыІуэ хъуа американыр махуищ и пэкІэ бзэхащ (Москва и «Шереметьево» аэропортым кьэса нужь). Журналистхэм ар ялъэгъуэкакъым.

Таурыхым ещхьу

Долларищэу зэкІэрыт ахъщэхэу мелуанрэ мин щитІрэ хуэдиз икІуэдыкІащ Швейцариемрэ авиакомпаниемрэ я къхъулъьатэм.

Ахъщэр ильу ар Цюрих къыльэтыкІри, Нью-Йорк щытІысащ. США-м и ФБР-м Іуэху зэхэгъэкІ. Дэнэ ахъщэр щыкІуэдар, щадгъэкІуэри дэнэ: Цюрих хьэмэрэ Нью-Йорк? Зыдыгъуари хэт? А ущІэхэм я жэуапыр зэкІэ ягъуэтыркым.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 27, махуэку

♦ Урысейм щагъэлъапІэ ЩІалэгъуалэм я махуэр

♦1709 гъэм урысыдзэр Полтавэ и гъунэгъуу шведхэм щатекІуащ.

♦1919 гъэм Версаль Іэ щытрадзащ Ящэ дунейпсо зауэр зэриухамкІэ зэгурыІуэныгъэ.

♦Таджикистаным щагъэлъапІэ лъэпкъ зэкъуэтынымкІэ и «Вахдат» махуэр.

♦Мэлъэ 75-рэ и пэкІэ (1938 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27 - 28-хэм) Коккинакирэ Бряндинскэмрэ «Москва» ЦКБ-30 кхъухьльатэмкІэ СССР-м и кІалащхьэм икІри, Спасск-Дальний жылагъуэм (Владивосток пэгъунэгъущ) лъэтащ. Сыхьэт 24-рэ дакьикъэ 36-м километр 7060-рэ кьыщэрахьэкІащ кхъухьльатэр ямыгъэІысу. Апхуэдэ хахуагъэм папщІэ кхъухьльатэзэхущІым фІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр.

♦Мэкъуауэгъуэм и 27 - 28-хэм Брюссель (Бельгие) Европей советым иессие щыдгъэгъуэжьащ. Цюрих хьэмэрэ Нью-Йорк? Зыдыгъуари хэт? А ущІэхэм я жэуапыр зэкІэ ягъуэтыркым.

Мэкъуауэгъуэм и 28, мэрем

♦Архитекторхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр 1948 гъэм щызэрагъэпэщащ.

♦Іуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкІа (1829) адыгэлІ **Хьэшыр Чылар** кьызэральхъуэ ильэс 215 ирокІу.

♦1944 гъэм кьалъхуащ тхахІуэ, щІэныгъэлІ, генеалогиемкІэ дунейпсо академиеми (Париж) ЩІДАА-ми я член-корреспонденту щыта **Махьсидэ Анатолий.**

ПІалъэр зыгъэхьэзырар ЩАД Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Іэщэ зыгъэдалъэм илъ апэ мажэ.

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

ІУЛЪХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыща Іуэхуэхэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ 8 (8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и кьыдэзэпэщыкІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м *№67-РГ*

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и кьыдэзэпэщыкІэр къэщтэн мы унафэм и гуэдэным зэритым хуэдэу

2. Къару имыІэжу кьэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и кьыдэзэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м кьищта унафэ №28-РГ-м.

3. Мы унафэм кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м кьыдигъэкІа унафэ №67-РГ-мкІэ къыщІащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и кьыдэзэпэщыкІэр

УнафэщІыр
УнафэщІым и кьуэдзэр
УнафэщІым и кьуэдзэр
Къэрал мылькумрэ щІы Іуэхуэхэмкіэ министрыр
Узынщагъэр хъумэныгъэ курортхэмкіэ министрыр
Щэнхабзэмкіэ министрыр
Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ министр
ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкіэ министрыр
ЩІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкіэ министрыр
Промышленностымрэ сатумкіэ министрыр
Мэкъумэш хозяйствэмкіэ министрыр
Спортымрэ туризмэмкіэ министрыр
Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкіэ министрыр
Транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкіэ министрыр
Пэжыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкіэ министрыр
Финансхэмкіэ министрыр
Экономикэ зыужьыныгъэмкіэ министрыр
Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкіэ министрыр
Къэралыр зыхуейхэм папщІэ заказэхэр зэгуэшэныжьмкіэ министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэр къызэгъэпэщыныжьмкіэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м *№68-РГ*

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэр къызэгъэпэщыныжьмкіэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдэным зэритым хуэдэу

2. Къару имыІэжу кьэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и кьыдэзэпэщыныжьмкіэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м кьыдигъэкІа унафэ №829-РГ-м.

3. Мы унафэм кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м кьыдигъэкІа унафэ №68-РГ-мкІэ къыщІащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэр къызэгъэпэщыныжьмкіэ конкурс комиссэм хэтхэр

Къуэшрокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(конкурс комиссэм и тхьэмадзэщ)*

Портэ Г. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэр *(конкурс комиссэм и тхьэмадзэм и кьуэдзэщ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Бозиев М. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Василенко А. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ *(зэгурыІуауэ)*

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьуэдзэр - къэралыкъуэм, кадрхэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным яныщІа Іуэхуэхэмкіэ управленэм и унафэщІыр

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ и министрым и кьуэдзэр *(конкурс комиссэм и секретарщ)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Къуэщыпсокъуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщІыр

Мусуков А. Ті. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкіэ и министрыр

Семэн П. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ и министрыр

Тау П. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Темиржанов М. Уэ. - Шэрдэж муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Щыхьмырзэ М. М. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкіэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іэхъущ Іапі Іэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Эфендиев Ф. С. - «Гъэзджэжьмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и проректорыр *(зэгурыІуауэ).*

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Фыкъеблагъэмэ, ди гуапэщ!

«Черкесия. Возвращение» документальнэ фильмым и презентацэ Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм мэкъуауэгъуэм и 30-м щекІуэкІынущ.

Ар зи Іэдакъэщэкі Нэгъапльэ Аскэрбий нэхьапэм тригъаж «Черкесия», «Черкесия. Адыгэ Хабзэ», «Черкесия. Чужбина» фильмхэр. Иужьрейр тезгъуэщ (Албание), Сириеи, Иорданиеи, Тыркуеи, Израилыи, США-м кьиІэпэхьуКІыжу адэжь Хэкум кьэзыгъэззэжа адыгэхэм.

ПщІэншэу щІагъэхьэнущ. ЩышІидзэр сыхьэт 16-рщ.

КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» ОО.

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2013 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кІэпІейкІэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі Іэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Нобэ Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэщ

Гугъапlэ, хъуэпсапlэ, япэ лъагъуныгъэ...

Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэр - гъэ къэс, мэкъуаугъуэм и 27-м УФ-м щагъэлъапlэ лъэпкъ махуэщхуэщ.

АБЫ И ТХЫДЭР къыщежьэр Совет Союзым и лъэхъэнэрщ. 1958 гъэм мазаем и 7-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым «Совет щIалэгъуалэм я махуэ гъэувыным теухуауэ» кыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, мэкъуаугъуэм и нужьрей тхьэмахуэм игъэлъапlэу щIадзащ.

СССР къэралыгъуэщхэр кьутэжа нэужь, Урысей Федерацым и щхьэхуитыныгъэр ягъэуващ. КъагъэщIэжьа къэралыр, щэч хэмылъу, хуэныкъуэт апхуэдэ махуэщхуэм. Абы щыгъуэм 1993 гъэм къэралыгъэщIэм и япэ Президент Ельцин Борис, УФ-м щIалэгъуалэ Іэхуэхэмкlэ и комитетымрэ щIалэгъуалэ зегухьанытьхэм я тьэпкъ советымрэ къыхахалъхьам ипкъ иткIэ, унафэ ищIащ а махуэщхуэр мэкъуаугъуэм и 27-м траухуэну. Апхуэдэуи къэралым и хэгъуэгу псоми а махуэм концертхэр, зэIущIэхэр, гъэпсыгъуэныгъэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, зэпеуэхэр щегъэкIуэкIыныр, ахэр хьыбарегъащIэ Іэнатlэхэм къагъэлъагъэуэкIыр кьалэн ящIыщ.

ЩIалэгъуэр щIыхь гъащIэм хэт лъэхъэнэ гукъинэжщ. Ар зэрекIуэкIам текуэдиз гукъэкIыж Іэфlхэр игу кьонэ дэтхэнэ зы балигъым. Ар гур зыхуэхъуапсэхэм, гугъэ кьиузэрымыкIуэхэм, япэ лъагъуныгъэм, ныбжьыщIэр лъэ быдэкIэ гъащIэм щIихуэзэм хуэхэа пlалъэщ. А ныбжьым итхэм я дежкIэ бжэ псори зэIухащ, ягу нэхъ зыхуэIэм щIыхьэн хуейуэ аркъудейщ. Ауэ къыхэгъэщIапхъэщ сабингъуэм укъыхэкIыу балигъ гъащIэм ухыхьэнри зэрымытыншыр. Сабийм щхьэкIэ жъуапlыныгъэ зыхьыр адэ-анэрамэ, зи щIалэгъуэм и гъащIэр езым зэтреубгъэк. Зэрыхабзэщи, балигъхэм я чэнджэщ хуэмыныкъуэу къызыщыхъуж щIалэгъуалэм дерс къыщыхахыр езыхэм я щыуагъэрщ.

Гуныкъуэгъуэмрэ гугъуехьхэмрэ

УФ-м и щIалэгъуалэр зыIуэу гугъуехьхэм ящыщIу лэжьапlэншагъэр. ЩIэныгъэ иэми, Іэнатlэ пэрымытауэ, лэжьыгъэм и щэхур кьимыщIауэ гугъуэщ щIалэм лжьапlэ кьиГъуэтыныр. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрыгъэгъуэгъэм я бжыгъэр куэд хуэ щхьэмкIэ, ахэр къэралым кьигъэсэбэпыфыркъым. Іэщlагъэ зэхуэмыдэхэмкIэ диплом зыIэрызыгъэхьэжхэм я нэхъыбэр гъжьбэну уеийкъым - абы и щхьэусыгъуэр, дауи, иджырей экономикэр зыхуэныкIуэу Іэщlагъэлlэм хуэдэ кьаэрыкъэмыкIырщ. Дипломыр зыри и ущIэкIыжьу, ахэр зэрыгъэщIэнкIэ щIэныгъэр Іэщlагъэр зымыгъэгъуэтамэ.

Унагъуэ уэгъуэм егупсыс зэрыхъуэр

НУЖЬРЕЙ нльэсхэм унагъуэ зыуэу щIалэгъуалэм ун кьащIэхуныжкIэ Іэмал куэд щыlэ хъуащ. Абы и хэкlыпlэщ къэрал политикэр - ипотекэ щIыхьэмрэ анэ хъуахэм ират ахъшэмрэ. А Іуэхугъуэхэм кьадэкIуэуэ жыпlэ хъунущ нужьрей зэманым кьаГъхуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъужар. Урысейм и щIалэгъуалэм, Кьухьэпlэм щыпсэхэм ещхьу, я нэхъыбэм япэ щIыкIэ щIэныгъэ зрагъэгъэуту, Іэнатlэ пэрыуэу, псэупlэ яхуэу итlанэ унагъуэ зэрагъэпэщыныр нэхъ кьащтэ. ЩIалэгъуалэр щыхэрыщIэ ныбжьыкIи хэхъуащ. КIэщIу жьпlэмэ, я акъылыр тIысауэ, унагъуэ зэрагъэпсэун Іэмалхэр кьащIауэ я кьашэмэ зэрынэхъыбэм егупсысхъуащ.

Политикэмрэ дзыхьымрэ

НОБЭ Урысейм и щIалэгъуалэр мелуан 40-м ноблагъэ. Ар Урысейм щыпсэу щыху бжьыгъэм и процент 27-рэ мэхъу. ИрагъэкIуэкIа къэпщIытэныгъэхэм япкъ иткIэ, ныбжьыщIэхэм ящыщу мащIэ дыдэщ политикэм дихьэхыр. Абыхэм я процент 1-4-рац жылагъуэ зэгухьанытьхэхэм хэтыр. Ауэ хэмытхуфIэщ нужьрей илъэсхэм а Іуэхур зэрефIэкIуэр, политикэ зэгухьанытьхэщIэхэр кьыхэрагъэпэщ зэрыхьуэр.

Иджырей щIалэгъуалэм я гугъу щIыпщIкIэ кьыхэгъэщIапхъэщ абыхэм я нэхъыбэм «хэкупсэ» гурыщIэр нэсу зэрызыхьамылъэщ. Іэщlагъэлlэм ирагъэкIуэкIа кьэпщIытэныгъэхэм кьыхэрагъэпэгъуэмкIэ, ныбжьыщIэхэм кьыщIахуа кьэралыр кьадэIэпlэкIыну я фIэщ хьурыкъым, я дзыхь ирагъэзыркъым. Псалъэм папщIэ, унэ хъэщхуныр куэдым кьатохьэлъэ, араущи фэтрэхэр бзджэнду кьащтэн хуей мэхъу, кьалэжьыр абы пэкIуэжу.

Нобэрей еджакIуэхэм елъытар

ДИ КЪЭРАЛМИ, нэгъуэщI щIынальэхэм я дежкIи щIалэгъуалэм мыхьэнэшхуэ яIэщ, абы кьыхэкIыу гульытэ хэха яхуэщIыпхэщ. Кьапщтэмэ, нобэрей школаКIуэхэмрэ студентхэмрэщI кьэкIуэнур зэлъытар. ЩIэныгъэлlныжьыщIэхэр, хьэрычэтыщIэ щIалэхэр, Іэщlагъэлlм жьдэхэрахъэ Урысейм и зыужьныгъэм и хэкIыпlэхэр кьэзыгъуэтынур?

КьыхэгъэщIапхъэщ УФ-м и Правительствэм щIалэгъуалэм къэкIуэну дахэ яIэным гульытэ хэха зэрыхуищIыр. Абы иригъэкIуэкI социальнэ политикэм и Іыхьэ нэхъыщхьэщ кьыдэкIуэтей щIэблэм ядэIэпыкъуныр. Абы ипкъ иткIэ, щIалэгъуалэ политикэ щхьэхуэу зэхаубгъэ, абы иролажьэ. ИщхьэкIэ зэрыщыкъитlащи, унагъуэщIэхэм защIегъакъуэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэр псомэ хуиту зрагъэгъэтыныр кьызэрегъэпэщ, ныбжьыщIэ, щIалэгъуалэ клубхэмрэ центрхэмрэ я кьызэIуех, спортым зрегъэжь.

ЩIалэгъуалэр зэхъуэкIыныгъэхэм тыншу есэ, щIэныгъэр нэхъ псынщIэу зрагъэщIэжынымрэ, я щIалагъуэм и Іыхьэ нэхъ жыдэжщ. Аэр я мурадхэм зэрыхуэкIуэ ерыщагъымрэ Іэкъум кьыхуэсэбэпын Іуэхуэхэм зэрыхуэпабгъэмрэ куэдкIэ ельытащ ди кьэралым и зыужькIэ хъунур. Иджырей Урысейр хуэныкъуэщ щIэныгъэфI зыбгъэдэхъ, жьрдэм зиIэ, творчествэм дихьэх, хэкIыпlэфIэр кьэзыгъэтэщ, абы тегушхуэф щIалэгъуалэм. ИкIи кьэрал щIалэгъуалэ политикэм япэ иригъэщIэм ящыщщ ныбжьыщIэхэм я кьарур, зэфIэкIыр кьызэкъуеГъэхьныр, и увыпIэр гъащIэм щIыбыдыжьнымкIэ дэIэпыкъуныр, кьэрал, жылагъуэ Іуэхуэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм жыдэжру хэгъэхьныр.

Ди фIэщ мэхъу ди къэралым и щIэблэм нэхъыжьхэм кьрагъэз дзыхьыр дяпэкIи зэрагъэпэжьыфынур, Хэкум ифI зэрызэрахуэнур.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

●Уэзкъуэтмэ - улъэщщ

Гуззвэгъуэ хэхуа ди лъэпкъэгъуэхм дадэвгъэIэпыкъу!

Сирие Хьэрыпэ Республикэм щекIуэкI зауэм и зэран зэкIа ди лъэпкъэгъуэхэм защIэгъэкъуэн мурадкIэ, Урысей Хьэмапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631-м счет хэха къыщыхэIуахащ. Ди къуэш-шыпхъуэхэм ядэIэпыкъуну хуей дэтхэнэми мы счетым ахъшэ хилъхьэ хъунущ:

ИНН 0711040610 / КПП 072101001
Расчетный счет 40703810060330000227
БИК 040702660
Корсчет 30101810600000000660
Кабардино-Балкарское ОСБ №8631, г. Нальчик, ул. Пушкина/Кешокова, 33а/72

Адыгэ псори фыкъыхуэдощ: Іуэхуфl влэжьыным фепlащIэкII Фи дэтхэнэ сомри идкъыпсту дахуэха ди лъэпкъэгъуэхэм сэрэхуэхъуэным шэч къытебмыхьэ. Абыхэм дазэрыкъуэувэным, зэрызащIэдгъэкъуэным Іэмалу щыIэр кьыхуэдвгъэгъэсэбэп! Ди нэхъыжьыфIхэм купщIэшхуэ халъхьащ «Уэзкъуэтмэ - улъэщщ!» псалъэхэм.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Жылагъуэ

Ди цIыхухэм я бэшэчагъым фIэкIа, нэгъуэщI дызэрыгушхуэн диIэкъым

ВЦИОМ-м кьитхэм зэрещIыхьмэ, Урысейм и цIыхухэм я процент 61-м ижь илъэс 15-м къэралым зы екъулIэныгъэ гуэрк еимыхьауэ кьалыхьэ. Процент 77-м жаIащ Соиэ 2014 гъэм щIымахуэ Олимп зэпеуэхэр зэрыщIагъэкIуэкIынум дригушхуэ хьуну.

СЭ сызэреплъымкIэ, а лъэхъэнэ кьэхъэтхэ екъулIэныгъэ нэхъыщхьэщ ди цIыхухэр зэтемылIу кьызэрыпар. Абыхэм яхуэзэфIэкIащ уи фэм пхудэмыгъэхуэфыну гугъуехь ин дыдэхэм зэпlэхъщыи, я щхьэм хуащI пщIэр яхьумэн. Тепщэ гупхэр якьыщепщыжа, хабзэхэм ещхь гуэрк щыщыкIыма, къэралыр нахуэу икIи нэмыкIыбгъэ хэлъу щыхэхафыща а зэманым ди цIыхухэм яхуэзэфIэкIащ псэун, сабийхэр япlын... А илъэс 15-20-м кьыагъэльэгъуащ къэралым и цIыхухэм я гур монголхэми, нэмыщхэми, франджхэми, езым щытепщэ гупхэми зэрырамыудыфынур. Мис а тепщэ гупхэр зэрыхьэзэригъуэ лъэхъэнэм зэрыпхъуакIуэ псоми нэхъэрэ кьэдкIэ нэхъ щынагъуэ кьыщIэкIащ.

Совет лъэхъэнэм къэралым ящэ щIыкIэ псынщIэ дыдэу икIи лъэщу зиужьащ, дуней псом фIэтельыдржэу. Ауэ и ижьрей илъэс 20-р хьэлэчу щытащ. Иужькъ Чубайс зэхифыща Богучан ГЭС-м хуэдэ гуэркэр зэрауухуари ерыскъыпхъэщхьэу кьыпхуэхъупхъэнымрэ, нэхъапlэщыи, я щхьэм хуащI пщIэр яхьумэн. Тепщэ гупхэр якьыщепщыжа, хабзэхэм ещхь гуэри щыщыкIыма, къэралыр нахуэу икIи нэмыкIыбгъэ хэлъу щыхэхафыща а зэманым ди цIыхухэм яхуэзэфIэкIащ псэун, сабийхэр япlын... А илъэс 15-20-м кьыагъэльэгъуащ къэралым и цIыхухэм я щIыпlэ щыщIу гуэрым. Абы зэрыжиIэмкIэ, а Іэнатlэм

КIЭБЫШЭ Лилэ Рассказ

Апхуэдэщ зэманыр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№119-120-хэм итщ).

- ПщIэ псоми - фIыми Iейми - уи деж къагъэзэжынущ, - жиIэри Марие къыщIэкIыжащ.

- Пльагъурэ, Лерэ, абы хуабжьу диныр егъэхьжь...

- Апхуэдэхэм жаIэр зыщ, ящIэр нэгъуэщIщ. Пщэдей щыщIэдзауэ Iубогъэкl.

- Хьэуэ, хьэуэ, Лерэ, уэлэхьи ар мыхъуну, итIанэ Мэжид сыкъелынкъым.

- Абы нэхьрэ сынэхь щабэ уи гугъэми - ущоуэ, - жиIэри Лерэ щIэкIыжащ.

- Сыту бэлыхьышхуэ сыхэхуа: IузогъэкIри - сыкъызэрмыплъэкIыу пщым сыIуеху, IуэмыгъэкIрэ - пащтыхь фыз ябгэу благъуэр гъуэмбым къизыутIыпщыкIам къызэщIэнур узижагъуэнщ. Мыпхуэдиз пащтыхь къэунэхуа къомым дэтхэнэм я хъуреягьыр къэбжьхьыпI! Езыр, и фызыр, и бынхэри хэтыжу. Тхьэр умыгъэпэжамэ, а къомым уэ епщылIэкIыф. Уэлэхьи, мыбыхэм совет властым и зэманри кьыуамыгъэщтэжынумэ. Абы щыгъуэм пщылIыр зищIысыр тхылькIэ фIэкIа тщIэртэкъым, иджы зэманыр зэрыхьуам епль. Нэхь бзаджэжу я щхьэгъусэхэри къэунэхуащи, я унафэр умыгъэзащи епльыж къыпщыщIым.

Марие хъарзынэу мэлажьэ, зэи къыкIэрыхуркъым. ХуэсщIынур сыт хуэдэ дагъуэ? Си щхьэр хэслъхьэну сыхуэмеймэ, зыгуэр къэзмыгупсысу хъунукъым, - жиIэуэрэ кабинетыр кьыIэхикIухьырт унафэщIым.

Лерэ, зиумысыжыну хуэмеймри, унагъуэ насып жыхуаIэр зэрыIэщIэкIрэ куэд щIат. Марие зэрильагъуу Лерэ кьыгурыIуащ и щхьэгъусэм ар зэримыутIыпщынур, ар кьыдихьэхын папщIэ сытри зэрищIэнур, нэчыхьи зэрыхуригъэтхынур.

- Сэ си щхьэ тезгъэуми, бынхэм я хьэтыркIэ зэбгъэдэжьжьын Iуэху сыхэткъым. Ауэ, сепхуIэмэ, апхуэдэуи сщIэфынущ. Зыгуэрым упущIауэ зэхэсхмэ, дохутыр улахуэм укъыхуэзгъэнауэ узэгъэльагъунщ. Цыхухъум ищIэр цыхубзым ищIэжыну и ужь ихьэмэ, и мыгъуагъэщи, абы и Iуэхур щхьэхуэщ, - кьыжриIат абы Мэжид.

АПСАЛЪЭМАКЪЫМ зэщхьэгъусэхэм зэи кьытрагъэззжакъым. Пэш зырыз зэрыщIэлърэ куэд щIами, Лерэ абы есэжат, зэрыбгъэдэмыкIыжынур кьыжриIати, нэхьыщхьэр арат. Иджыри кьэс Лерэ мамыру псэуами, иджы Iуэхум нэгъуэщI гуэру зихъуэжынкIэ шынэрт.

Мэжид кьалэ жьжьэ зэрыкIуам ар щыгуфIыкIырт.

Лэжьыгъэ нэужьым цIыхубзхэм ящыщ зыгуэр Марие кьыбгъэдыхьэри: «ХьумакIуэм сельэIущи, кхъыIэ, мыр нысхудэх, куэдыIуэ мэхъури, си закъуэу схуэхьынукъым. Ныщхьэбэ хьэщIэ кьысхуэкIуэнущи араш», - жиIэри пакет къритащ.

Марие щыдэкIыжым: «Уи сумкэм сегъэплыт», - жери хьумакIуэм пакетыр стIолым кьытригъэгъуэващ: «Мыр сыт, зэи зыри кьыумыщтами, иджы ирибгъэкъужаи», - жиIэурэ ерыскъыхэр стIолым трилъхьащ хьумакIуэм.

Пакетыр къезытар кьилъыхъуэу Марие зиплъыхьащ, арщхьэкIэ кьыщэкIыжхэм яхэттэкъым.

УнафэщIым деж псальэу хьыбар щрагъащIэм: «Мыдэ кьыщIэвгъэхьэ!» - жиIащ.

- А напэтех пщIар сыт, укъызэлъыIуамэ, сэ уэстынтэкъэ, лэжьакIуэ нэхъыфIхэм уащыщти, къэбгъэхъуам епль иджы. Си щхьэкIэ сигу кьоуэ, ауэ уи жагъуэ умыщI - ущызгъэлэжьэфынукъым. Ар уэ пхуэзгъэгъуэ, адрейхэри Iэбэнущ. Сэ пхуэсщIэфынураща, уэ езыр ухуейуэ уIукIыж хуэдэу заявленэ къэтх, - жиIэурэ тхылъымпIэрэ ручкэрэ къритащ.

Марие заявленэр итхри, зыри жимыIэу кьыщIэкIыжащ. Кьы... щыщIар апхуэдизкIэ и щхьэм ихьати, унэм кьызэрыкIуэжыфар игъэщIагъуэрт.

Мэжид дапщэрэ къэмыпсэльами, Марие фочыныр зэи кьищтакъым.

«Согупсысэри - кьысхуэщIэркъым, сыткIэ и жагъуэ сщIауэ пIэрэ?» -зэми гузавэрт, зэми зэгуэпырт Мэжид. Унафэщым деж псэльати, мылэжьэжу, IукIыжауэ кьыжриIат.

Марие мазэм щIигъукIэ лэжьапIэ лъыхъущ. И уасэр къехьэлъэкIыу къищэху газетхэм еплъырти, зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ хъыджэбэ цIыкIухэрт кьащтэну жыхуаIэр. Лэжьапlэ лъыхъуэнри кьигъэнэжауэ, зэпымыууэ къэпхэр идырти, абы кьыпэкIуэ мащIэм унагъуэр иригъэпсэурт.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Марат хъарзынэу ефауэ, ауэ иримыгъэлеищауэ кьэкIуэжащ. Мусэ и адэм зригъэтхъэщIри, шхын кьыхутригъэуващ.

- Мыр сыт, макароныр гъэвауэ, макароныр гъэжьауэ - афIэкIа зыри щымыIэжу ара? - Губжьауэ тепщэчыр къыIугъэкIуэтащ.

- Папэ, кхъыIэ укъэмыгубжь, мамэ лэжьэжьыркъым.

- Апхуэдэ щыIэ, щIэмылажьэр сыт? Сэ солыхьуэ-солыхьуэри згъуэтыркъым.

- Мамэ къыIуагъэкIыжащ, - жиIащ Мусэ.

Марат шхынми емыIусэу пIащIэу щIэкIри, телефонкIэ гупыр зэхуигъэсащ.

- Сыт кьэхъуар, жыIэт, кьуэш? - и макъ псыгъуэ цIыкIумкIэ Тхьэмадэр кьеупщIащ.

- Си щхьэгъусэр лэжьапIэм кьыIуахуащ, сэр щхьэкIэ сыгузавэркъым, махуэм зэ фIэкIа сымышхэми мэхъу. Дунейм щызэIэ щIалэ цIыкIу закъуэр кьэгъэхьун, егъэджэн хуейкъэ?

- Ар дауэ кьыпщыхъурэ, кьызэрыщIэкIымкIэ, Марие дахэм ди зэран екIащ.

- Абы и сэбэпкIэ дефэу, дытхьэжу дызэхэсщ, езым кьыщыщIам еплъыт.

- Уи фыз мылэжьэныр уэлэхьи, Iуэхушхуэм. Дэ цIыхухъухэм нэхърэ абыхэм нэхь зэфIэкI яIэщ, лэжьапIэри нэхь кьагъуэтыф.

- Уэлэхьи, мис ар пэж дыдэу жыпIамэ, нобэ унагъуэр зыгъэунэфынур цIыхубзыращ, си щхьэкIэ, дапщэрэ сымылъыхъуами, хьун хуэдэу зы лэжьапIэ сымыгъуэтакIэ уи фIэщ зэрыхьун.

- Сэри арамэ уэлэхьи, сешри сыувыIэжащ. Сыту щIэщхьушхуэ кьыпщыщIа, ди кьуэшыжь. Ауэ, умыгузавэ, Тхьэмадэм унафэ тэмэм абы тримыщIыхьыфмэ мыдэ епль!

ДагъэкIэ игъэцIуужа и щхьэ джафэ цIыкIум тельэщIыхьу щыст Тхьэмадэр. Куэд щIауэ цIыхум хамыбжэж, и унагъуэм дежкIи зыми щымыщ лIы цIыкIум хуэдэу губзыгъэ щымыIэу кьащыхъурт зэхуишэса ефэрейхэм, ахэр кьедаIуэрт икIи кьечэнджэщыртри, абы и дежкIэ ар насыпт.

- Пэжыр жыпIэмэ, абдежым щыугъэ тIэкIу тIэщIэкIащ. Марие дахэм и гугъу ищIмэ, кьыщыщIынур абы гурыдгъэIуэн хуеящ, Iуэхукъым ар. Ялэм зэрыжьысIащи, дэтхэнэ зы щыуагъэми уи фейдэ гуэр кьыхэбгъэкIыфу щытын хуейщ. А Iуэхум ар хущIегъуэжауэ фэзгъэльагъунщ, кьуэшхэ.

Ахьшэр кьыпIэщIэуэхэри самопалым дыхуэкIуэжати, аргуэру ди Iэнэр екIуу къэдухуэну Iэмал диIэнущ. Ар кьыдэхъулIэным гугъуу зыри хэлъкъым. А цIыхубзым кIэльыпльын хуейуэ ар кьудейщ. Кьулейхэми яхэтщ я псэупIэр кьаIэщIэжьэгъуауэ щIэщыгъуэ лъыхъуэхэр, цIыхухъхэм ар ягъэпщкIуфми, цIыхубзхэр я щхьэ щытхъуэн хуей мэхъури, яхущIэхъумэркъым. Езым нэхьрэ нэхь щIалэ кьыIэригъуэтам ирипагэу и ныбжьэгъум жриIэн хуейкъэ? Араща, ар бзыщIа хъуркъым. Зы тхьэмахуэ пIальэу фызэотри, Лерэ фыкIэлъыпльи, и тIасхъэр зэвгъащIэ, кьуэшхэ!

МАРИЕ кьэп иду машинэм бгъэдэст, бжэм зыгуэр кьыщытеуIуам. Мусэ бжэр Iуихри щыгуфIыкIыу и адэшхуэр кьыщIишащ. МуIэзин псыр кьыпыжырт, пIыщIати, нэхь цIыкIуж хьуауэ кьыпщыхьурт.

Мусэ дэIэпыкъуурэ псыф хъуа и курткэжь тIэкIур щихащ.

- Сыту хъарзынэт, папэ, укъызэрыкIуар. Уи хъыбар сщIэртэкъыми сыгузавэрт, - жиIэурэ и адэм IэплIэ хуищащ Марие.

- Сэр щхьэкIэ умыгузавэ, си хьыджэбэ, унагъуэр зэрыпсэур си пенсэ тIэкIураци, куэдкIэ нэхь кьыслухуэсакъ хуащ, - жиIэурэ шхын кьыхутрагъэувам МуIэзин хоIэбэ.

МуIэзин пщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуху щысауэ Марие щIишыжащ.

- Марие, си хъыджэбэ цIыкIу, адэ мыхьэнэншэу сызэрыщытар сощIэж. Зы Iуэхугъуэ гуэр бжезмыIэу хьунукъым. Мусэ цIыкIум зэхэзгъэхьну сыхуэмейуэ арат нетIэ щIыкъызымыIар. Кьыслухуумыгъэгъуми схуэфащэщ.

- Папэ, ар псори блэкIащ, зы гукъеуи пхузиIэкъым. Адэ-анэм я хабзэщ я быным ешхьдэу, атIэ анэ щызимыIэжкIэ, сызыгъэсэну кьызытехуэр уэрати...

- Хьэуэ, аракъым. Нэхьыщхьэр пщIэркъым. Мы угъурсызым уихьыну кьыщыкIуэну жэщыр сщIэрт, ауэ зыри бжеслакъым. Насыпиншэ узыщIар сэращ.

- АтIэ щхьэ зыгуэр жумыIарэт, папэ?

- АнэнэпIэс бзаджэм убгъэдэкI... мэ, уи Iуэхур нэхьыфI хьун си гугъащ. Зэрефэми сыщыгъуаэзт, ауэ си гугъащ уэ пхуэдэ щхьэгъусэ игъэтэмэ, мыхъумыщIагъэ псори зыхиныну. Кьыслухуумыгъэгъуному ухуитщ, сэри схуэфащэщ.

- Папэ, си Iуэхур нэхьыфI, нэхь тынш пщIыну ухуеяти, хьуакъым. ЗэрымыхъуамкIэ укъуаншэкъым. Сэ Тхьэшхэм схухиха гъуэгуанэр нэгъуэщIти, абы срокIуэ. Уи зэрану абы хэлъыр сыт? Мы дунейм тет псори насыпыфIэу псэуамэ, а насыпыр апхуэдэу лъапIэу щымытинкIи хьунт. Мусэ тIуми ди зэхуэдэ сабийщ, и адэм емыщхьу, лIы бэлыхь кьыхэкIуэ Тхьэшхэм дигъэльагъу. Мы дунейм щызIэр фэращ.

- Тхьэм и нэфIыр зыщыхьуэн си хьыджэбз цIыкIу, мывэ хьэльэр си гущхьэм тепхыжан. Кьыслухуигъэгъункъым жысIэу абы сызэрыриСымэджам ущIэмыупщIэ.

- Папэ, куэд щIакъым сэ зыгуэрхэм я зэран кьызэрызэкIрэ. Зэман дэкIри - сщыгъупщэжащ, зыри сигу кьахуеуэркъым, уеблэмэ Алыхьым кьахуигъэгъу жысIэжащ. Марат и лажьэ псомкIи игъэкъуаншэр сэращ. ХуэсщIэмрэ сызэрыхуэсакъымрэ ильагъуркъым. Ар абы и мыгъуагъэщи, Тхьэм гущIэгъу кьыхуищI.

МуIэзин и льэр нэхь жан хьужауэ автобус кьэсам итIысхьэжащ.

Тхьэмадэм къарита пIальэри къэмысу фадэ фIыуэ зыльагъуэр щIэпхъуэри, Лерэ теухуауэ кьагъэсэбэпыну псори кьащIауэ я зэхуэсыпIэм щызэхэсхт.

Лерэ деж ягъэкIуэну зытрагъэхуам нэхь бзаджэ гупым яхэттэкъым. Лерэ щылажьэ кабинетым ар нэсри - лIыжь-фызыжь зытхух щыст.

- Жьы фызэрыхъуари, зэман зэрывимыIэри, фызэрыпIащIэри кьызгуроIуэ. Си узыр мыхъуамэ, сывигъусэу махуищкIэ мыбдежым сыщысми здэнт, зысIэжьэмэ, занщIэу сыныфхэуэкIуриенкIэ хьунущи, фыкьызэмыныкьуэкьуу сыщIэвгъэхьамэ арат, - жиIэри кабинетым зыщIигъэхуащ.

КьыщIыхьар зыкIи кьыфIэмыIуэхуу щхьэгъуфжэм дэпльрэ Лерэ телефонкIэ псалъэрт. «Нэхь льапIэ дыдэхэм ящыщщ и телефоныр», - игукIэ жиIэурэ, Iэбэри ар кьыIихащ:

- Абы кьыбжиIэм нэхьрэ сыкъыщIэкIуар нэхь гъэщIэгъуэн кьыпщыхьунущ.

- Уэ езыр хэт ухъуну? Иджыпсту полицэм сыпсэльэнщи, - жиIэу трубкэр кьыщищтэм, ари кьыIэщIихащ.

- А мылицэ жьхуэпIэм сыкъальагъумэ, нэгъуэщI щIыпIэкIэ дадзых. Иджы мыдэ къэдаIуэ. Мы лэжьапIэм псальи, Марие ягъэувыжыну унафэ яхуэщI. Зэрыщысса зэманым кьратын хуея улахуэри тIукIэ гъэбэгъуауэ ияратыжыну ари яжеIэ.

- Зэи сымыщIэн Iуэху щхьэкIэ укъэкIуэххэн хуеякъым.

- УмыпIащIэт, - жиIэурэ и гуфIакIэм дэIэбэри, письмоулъэ гуэр кьыдихащ. Дэлъхэр зырызыххэу Лерэ и пащхьэм ирильхьащ. Сурэтхэр зыкъом хьурт. Езым нэхьрэ куэдкIэ нэхьыщIэ щIалэ гуэрым и гъусэу ресторанымщIэст, тыкуэнми щIэтт, цIыхухъу щыгъынхэм епльу. - Ухуеймэ, мыхэр кьыпхуэзгъэнэнщ, дэ иджыри апхуэдэ куэд диIэщ. Уи мыгугъэ си закъуэу,

Сурэтыр СЭВКIУИЙ Хьэмид *ищIащ.*

●Май щIыналъэ

Хэкупсэ нэсхэр ягъасэ

Май къалэм дэт гимназие №1-м и ехъулIэныгъэхэм иджыри зы къахэхъуащ. «Урысей Федерацэм и хэкупсэхэр гъэсэным теухуа лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтымкIэ» дамыгъэр кьыхуагъэфащащ. ЕджапIэм и лэжьакIуэхэм, икIи ар кьехьуэхъуу кьыщратыжащ КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегьащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм.

2009 гъэ лъандэрэ мы еджапIэм зрагъэужь цIыхухэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ етыныкIэ Iуэхущ1апIэ тэмэм хъун хуэдэу. Абы езым и гимнрэ гербрэ иIэжщ. Гимназием щылажьэ «Хэкупсэ» клубым къеклуаIэхэм я жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэщурэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, зэпеуэхэр. Гимназием щеджэхэм увыпIэ нэхъыщхьэхэр щызыIэрагъэхьащ «ФIыуэ узолъагъу, си Хэку!», «Ныбжьэгъуху», уэрэд жыдвгъэIэ!», «Си лъэпкъ», «ТекIуэныгъэ лъапIэ» республикэ зэпеуэхэм.

ЕджапIэм къыщызэрагъэпэщауэ щолажьэ «Смена» музейр. Абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыныр. Абы къекIуалIэ ныбжьыщIэхэр илъэситху хъуауэ «ЩIалэгъуалэмрэ хабзэмрэ» зэхъэзэхуэм щытокIуэ, «ТекIуэныгъэм и уэздыгинэ» урысей зэпеуэми ныбжьыщIихым увыпIэ нэхъыщхьэхэр кьыщахьащ. Апхуэдэу «ЩIэныгъэмрэ зэчиймрэ» конкурсми жыджэру зыкъыщагъэлъэгъуахэщ. Хэку зауэшхуэм хэтахэм ехъулIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм ящыщщ «Зауэм теухуа уи фильм» лэжьыгъэм хиубыдэу, Май куейм щыпсэу ветеранхэм ятеухуауэ тепльэгъуэу 20-м щIигъу зэрытрахар.

ЕджапIэм гулъытэшхуэ хуещI цIыхухэм, лъэпкъхэм я зэхуаку пщIэрэ нэмысрэ дэльныным. Абы къыщызэрагъэпэщ «Гуапагъэмрэ шыIэныгъэмрэ мамырыгъэр яхъумэнуц», «ЦIыхуращ зыхуэзэфIэкIынур» Iуэхугъуэхэм теухуа лэжьыгъэ.

ИлъэС 12 хъуауэ гимназием щокIуэкI джэгукIэ хьэлэмэт, «Школ республикэм и президентыр хэхыныр» зыфIащар. Гимназием и гъэсэнхэм жыджэру зыкъыщагъэльагъуэ «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» республикэпсо зэхьыхьэм.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

● Псапэ

«ШэIумылым и махуэ»

Мэкъуауэгъуэм и 29-м Налшык къалэ щекIуэкIынущ «ШэIумылым и махуэ» псапашIэ Iуэху. Унагъуэ хуэмыщIахэм я сабин 130-м папщIэ «Гугъэм и унэ» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм хэтхэм концерт ягъэхьэзыращ. Кьалэн куэд зыгъэзащIэ ныбжьыщIэ центрым «Сабын тхъурымбэ» теплъэгъуэ дахэ игъэтэгъэгуэнущ.

САБИЙХЭР псыIэфI ирагъэфэнущ, апхуэдэуи абыхэм мороженэ ирагъэшхынущ, зэIущIэм и кIэм шар гъэпща зэмыфэгъухэр тыгъэ хуащIынущ.

КъБР-м Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныныгъэмкIэ и министерствэм кьыдэгъэпэщащ Iуэхур ХьэтIохъущокъуэм и хадэм сыхьэт 11-м щаублэнущ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Гуапэ ирехъу!

Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщу сабий 64-рэ мы махуэхэм ягъэкIуащ «Гуэл щхьэантIэ», «Къурш пкIэн», «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм кьыщызэIуахъа гъэмахуэ лагерхэм. А гупым хиубыдащ сабий зэиншэхэр, адэанэхэм здамыпIыжхэр, хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэмрэ бынунагъэушхуэхэмрэ кьажэкIахэр.

ЦIыкIухэр лагерым зэрыщыIэну пIалъэм я узыншагъэр ирагъэфIэкIэнущ, я нэгу зрагъэужьынущ. Ахэр дунеяплъэ яшэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ нэхъ дахэхэм. Апхуэдэу абыхэм драгъэкIуэкIынущ джэгу зэпеуэхэр, я акъылым зезыгъэужь гъэлъэгъуэныгъэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр.

Бжьыхь хъухукIэ ди санаторэхэм щылэжьэну лагерхэр сабийхэм зыхуей хуэзэу зегъэгъэпсэхуным сыт и лъэныкъуэкIи тещIыхьауэ кьыдэгъэпэщащ. Шэч хэпъкым абыхэм ящыщ дэтхэнэми я узыншагъэрефIэкIуарэ я нэгуи зиужьауэ унэм зэрагъэзэжынум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Абы дегъэпІейтей

Дуней нэпцІым зыщІишахэр

Інтернетым и социальнэ сетхэр 1995 гъэм къуэхъуащ. Абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэр - дэтхэнэми ущыуасей дакъикъэм зыпыщІэфыщраш. Социальнэ сетым апхуэдэу къыщыбгъэтыфынущ, щІыкъ щхьэхуэм и закъуэ мыхъуу, Іуэхущапіэхэр, гуп зэмылІэужьыгъуэхэр. Нобэкіэ сеть зэмылІэужьыгъуэ бжыгъэншэхэр щыІэщ. Апхуэдэщ псалъэм пащІэ, ди щІалэгъуалэм нэхъ яцІыку «ВКонтакте», «Facebook», «Одноклассники», «МойМир» жыхьпІэхэр. Къызыхъуапсэ зыпэ, нобэкІэ социальнэ сетым и мыхьэнэр щІыхум и щытыкІэмрэ и гупсысэкІэмрэ зэрыльэІэсыр нэгъуэщІу.

МЫПХУЭДЭ гушыІэ щыІэщ къэтІэта Іуэхум теухуауэ: «Интернетым фІыщІхьэкІэ зыщІымыгъэгъущ, вгъэзвэну тевгъэуэ ля псыр щІэвэщІа нэужькІэ, жьэн щІедзэІ- ЖьІэкІэ хъуащ. Пэж дыдэу, апхуэдизкІэ удехьэх интернетми, абы къищІынэмыщІа, къыпфІэІуэху зыри щІыпІэжьхьм. Абы жэщ-махуэ нэкьым, уи ней, ныбэ бгъэныкъуэнущ, ныбжьэгъу-жьрэгъу пщІэжьхэркьым, уи Іуэху Іэщіыб унгъэщІынущ. Дакъикьитху кьудей сисынщІи, псынщІэу сыкъэхэкІыжынщІ жьІэми, гу лъмытэурэ нэху мэщ. Ярэби, сыту пІэрэ ар зищІысыр?! Сыт щІыху щІыкІыр апхуэдизу зыщІэзыщІэр, зыІэпызыщІэр, интернетым ильамэ, зыщІыпІсэу дунейр щытыпщэжу, къигупсыса кьатым щІинэр?

КьыІэзрыгуэкІ щІыхуэхэм захуэдгъэзащ и гъащІэм интернетыр кьІэзэрыкъыхьамрэ абы къриІуамрэ дыдыхъуэу.

Махуэ Харинэ: «Пэжыр жысІэнэр щІ, ятпэм сэри сису щытащ интернетым. Жэщ ныкъуэм аущ сытми сыкъызэщІуамэ, езыр-езыру си Іэр телефонымкІэ Іэбэрт. Сайтым зэ симыпІпауэ, си ныбжьэгъу хэсмэ сыхуэмытхауэ, си сурэтхэм зыгуэр кьыкІэщІатхамэ, жэуап сымытхыжауэ згъэтІыпхьыжьыкьым. Иджыпсту апхуэдэжкъым. СщІэркъым, а ныбжьым сыкьыкІауэ арагъэнщ, е сужэгъуа?! КьысфэІуэхужькъым. Ауэ зи телефон умыщІэ, Іуэху гуэркІэ ухуэпІуэ кьыпхуэмыгъуэт щІыхум интернетым ущыІпыхьхуэну нэхъ тынщ. Аращ социальнэ сетыр зэрыфІыр. Ар кьыбгурыІуэмэ, уи Іуэхур нэхъ тынш мэхъу. ИджьипстукІэ а Іуэхум дыкьыхъэкІауэ, зэран кьыгъэхуэмыхъуу схужьІэнукъым. Сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, си шыпхъу нэхъыщІэр хэтщ а дунейн нэпцІым. Абы щопсэу, уеблэмэ, Іуэху щищІэкІэ, щыпхьанкІэкІэ Іэ лъэныкъуэкІэ жьыхапхъэр ІэщІэлъу, адреймкІэ телефоным -щІыкъ-щІыкъ» жриГъыІэу къыбжьмІэфынущ. Сепсэтхьа і абы теухуауэ, ауэ зыри кьыгурыІуэркъым. Езым кьыгурыІуэмыкІ ежьэн хуейуэ кьыщІэкІынущ. Ауэ, и Іэщ-щІэм ар зэран кьыхъэрыуэхър нэрылъагъуэ..

Хъуэжэ Жан: «Уи фІэщ зэрыхъун, интернеткІэ сэ си Іуэхуу дэсхьмрэ сэбэп кьыхъэрыуэхъумрэ псалъэкІэ кьыпхуэмыдыуэтэн! Сэ абы адыгэ Іуэхуу Іэщ сызэрыщыгъэри, абы и лъэныкъуэкІэ лъэкІэ схуэзфІэкІыным нэхърэ зыкъомкІэ нэхъыбэ солэжьыбгъ. Дэнэкіэ щыІэ адыгэ зэригъащІэу, зэригъэуэтыжу, сыт хуэдэ Іуэху кьрахьэжьамэ, зэлъэІэсу апхуэдэщ. Си щхьэкІэ, зыри Іей лъэпкъ схужьІэнукъым».

Кьуэдзокъуэхэ Муратрэ Іэмиирэ: «Дэ «Одноклассниким» дыщызэрыщІыхьауэ щытащ. НужькІэ дыдепсэлъэныхьыжьат абыи, тІури, зыр зым и сурэтыр зэриІьагъуу, хьэщыкъ дыдэхуэхьуат. ЗэманкІэ дызэхуэтхащ, нужькІэ дыдэхуэзэри кІыдгурыІуащ - дызэрыригъэуэтыжат. ДыщІыуатэкъым. Илъэситху мэхъу дызэрызэбгъащІэсри, зэи дыхущІегъуэжакъым. Ныбжьэгъуэхэм уахуэзэну, уадэуэрщэрыну зэман уимыІэ- мэ, интернетыр фІыщІ абыкІэ. Хамэ къэрал щыІэ уи благъэ, ныбжьэгъуэхэм уи Іуэхуэ дакъикъэм запытобщІэ, ущІоупщІэ. Интернетым дихьхьыІуэ, кьыхэмыкІыжьыщІ щыІэщ. Ар уэу кьыщІэкІынщ».

Маржэхъу Дианэ: «Социальнэ сетхэм исхэр кьызгурыІуэрэкьым, сэри сихьэрыкьым. Шхэуэ щысыр, псалъэм папщІэ, ищхьэм епІыкІэ- кьым, телефоным ипІэ мыхъумэ. Апхуэдизу даУэ абы зэрызыдебгъэзыхэкьнур?! Цыхуэр и щхьэ хуимытыжьу! ІущыкІытыгъуэщ...».

Рэмэзан фІэтщынщ щІалэм (и цІэр кьидмыІуэмэ нэхъ кьищатщ):

- Сэ апхуэдизкІэ сыдихьэхат, сыхэпщІат интернетми, си щхьэгъусэм хуэмыщэмыжу збгъэдэжьжащ... Абы жысІэну сызыхуей псори къокІ. Шынагъуэщ! Наркотикым нэхърэ нэхъ Іейщ. Пасып уиІэмэ, зыдебгъэхьэхынкъым.

***Гу зэрыкъыштащ, щыху къэс езым и Іуэху епІыкІэ пІэжщ, дэтхэнэми пэж гуэр хэлъщ. ДаУэ зэрызебгъэсэфынур гъащІэмрэ пэщІыпрэ и эмыльыпІэр зэхэбгъэкІыфу, дауэ укьыІэщІэкІэ хъуну а уэзыщІэ бзаджэм? Абы и жэуапым психологэм деж дыщыльыхьуэмэ нэхъ тэмэщ.*

Александровэ Марие, психологие щІэныгъэхэм я кандидат:

- Интернетым кьыщІекІуэкІ псалъэмакъэмрэ гъащІэм щыцІыхьхьэ хэтщ а дунейн нэпцІым. Абы щопсэу, уеблэмэ, Іуэху щищІэкІэ, щыпхьанкІэкІэ Іэ лъэныкъуэкІэ жьыхапхъэр ІэщІэлъу, адреймкІэ телефоным -щІыкъ-щІыкъ» жриГъыІэу сызыкьыІэпхьа і абы теухуауэ, Сепсэтхьа і абы теухуауэ, ауэ зыри кьыгурыІуэркъым. Езым кьыгурыІуэмыкІ ежьэн хуейуэ кьыщІэкІынущ. Ауэ, и Іэщ-щІэм ар зэран кьызэрыхуэхър нэрылъагъуэ..

Хъуэжэ Жан: «Уи фІэщ зэрыхъун, интернеткІэ сэ си Іуэхуу дэсхьмрэ сэбэп кьызэрыхуэхъумрэ псалъэкІэ кьыпхуэмыдыуэтэн! Сэ абы адыгэ Іуэхуу Іэщ сызэрыщыгъэри, абы и лъэныкъуэкІэ лъэкІэ схуэзфІэкІынм нэхърэ зыкъомкІэ нэхъыбэ солэжьыбгъ. Дэнэкіэ щыІэ адыгэ зэригъащІэу, зэригъэуэтыжу, сыт хуэдэ Іуэху кьрахьэжьамэ, зэлъэІэсу апхуэдэщ. Си щхьэкІэ, зыри Іей лъэпкъ схужьІэнукъым».

Кьуэдзокъуэхэ Муратрэ Іэмиирэ: «Дэ «Одноклассниким» дыщызэрыщІыхьауэ щытащ. НужькІэ дыдепсэлъэныхьыжьат абыи, тІури, зыр зым и сурэтыр зэриІьагъуу, хьэщыкъ дыдэхуэхьуат. ЗэманкІэ дызэхуэтхащ, нужькІэ дыдэхуэзэри кІыдгурыІуащ - дызэрыригъэуэтыжат. ДыщІыуатэкъым. Илъэситху мэхъу дызэрызэбгъащІэсри, зэи дыхущІегъуэжакъым. Ныбжьэгъуэхэм уахуэзэну, уадэуэрщэрыну зэман уимыІэмэ, интернетыр фІыщІ абыкІэ. Хамэ къэрал щыІэ уи благъэ, ныбжьэгъуэхэм уи Іуэхуэ дакъикъэм запытобщІэ, ущІоупщІэ. Интернетым дихьхьыІуэ, кьыхэмыкІыжьыщІ щыІэщ. Ар уэу кьыщІэкІынщ».

Маржэхъу Дианэ: «Социальнэ сетхэм исхэр кьызгурыІуэрэкьым, сэри сихьэрыкьым. Шхэуэ щысыр, псалъэм папщІэ, ищхьэм епІыкІэ- кьым, телефоным ипІэ мыхъумэ. Апхуэдизу даУэ абы зэрызыдебгъэзыхэкьнур?! Цыхуэр и щхьэ хуимытыжьу! ІущыкІытыгъуэщ...».

Рэмэзан фІэтщынщ щІалэм (и цІэр кьидмыІуэмэ нэхъ кьищатщ):

- Сэ апхуэдизкІэ сыдихьэхат, сыхэпщІат интернетми, си щхьэгъусэм хуэмыщэмыжу збгъэдэжьжащ... Абы жысІэну сызыхуей псори къокІ. Шынагъуэщ! Наркотикым нэхърэ нэхъ Іейщ. Пасып уиІэмэ, зыдебгъэхьэхынкъым.

***Гу зэрыкъыштащ, щыху къэс езым и Іуэху епІыкІэ пІэжщ, дэтхэнэми пэж гуэр хэлъщ. ДаУэ зэрызебгъэсэфынур гъащІэмрэ пэщІыпрэ и эмыльыпІэр зэхэбгъэкІыфу, дауэ укьыІэщІэкІэ хъуну а уэзыщІэ бзаджэм? Абы и жэуапым псих